



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU DANTISRI PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 15 jen 2020

Objektif

Konsèy Pwovizwa sa a pou Dantistri pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 ("Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Dentistri") te kreye pou bay pèsònèl swen sante dantè (dental healthcare personnel, DHCP) prekosyon pou ede pwoteje yo kont pwopagasyon COVID-19 kòm etablisman dantistri yo re-ouvri oswa kontinye opere pou pwosedi elektif ak ijans yo. Direktiv sa a aplike pou tout swen dantè, ki gen ladan swen ijans ak swen ki pa ijan/swen elektif.

Rekòmandasyon sa yo se egzijans minimòm sèlman epi tout patwon te mèt pran plis prekosyon oswa mete plis restriksyon. Konsiy sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman Faz II reouvèti Eta a, epi dokiman konsiy sa yo baze sou li a ka chanje epi li chanje souvan. Pati Responsab yo – jan yo defini pi ba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, eta ak federal ki gen pou wè avèk opere etablisman dantistri ak bay pasyan yo swen dantè ijan ak non ijan. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt nan plan operasyonèl ak plan sekirite yo.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstwiksyon Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib, te deziyen dantè ijans kòm yon operasyon swen sante esansyèl.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Lòd Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Lòd Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Lòd Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa

prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), ki otorize operatè/mèt biznis yo avèk diskresyon pou refize rantrè moun ki pa respekte kondisyon pou kouvri figi yo oswa mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) yon apwòch pwogresif pou re-ouvè endistri ak biznis yo nan New York an faz baze sou analiz done rejyonal. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a [te prevwa](#) analiz rejyonal la t ap konsidere plizyè faktè sante piblik, sa gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19, epitou sistèm swen medikal la, tès dyagnostik yo, ak kapasite retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablodò alèt rapid k ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòle ak egzaminen kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje. Nan dat 11 jen, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) twazyèm faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 12 jen nan plizyè rejyon nan New York.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis yo dwe kontinye respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Nòm pou Responsab Aktivite Dantisri nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite dantisri ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite dantisri ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Pwopriyetè/administratè enstalasyon dantisri a, oswa yon lòt pati jan ke pwopriyetè/administratè etablisman dantisri a deziyen (nan nenpòt ka, "Pati ki Responsab yo") pral responsab pou satisfè nòm sa yo.

Referans a "DHCP" gen ladan tout pèsònèl ki peye ak sa yo ki pa peye nan anviwònman swen sante dantè ki ta ka ekspozè pwofesyonèlman ak materyèl ki kontajye, ki gen ladan sibstans kòporèl ak materyèl kontamine, ekipman, sifas anviwònman, dlo, oswa lè. DHCP enkli dantis, ijyenist dantè, asistan dantè, teknisyen laboratwa dantè yo (nan biwo ak komèsyal), etidyan ak stajyè, pèsònèl kontra, ak lòt moun ki pa patisipe dirèkteman nan swen pasyan yo men ki kapab ekspozè a ajan enfektye (tankou pèsònèl administratif, biwo, antretyen menaj, oswa pèsònèl volontè), pa [Direktiv pou Kontwòl Enfeksyon nan Anviwònman Swen Sante Dantè](#) (Guidelines for Infection Control in Dental Healthcare Settings) CDC a.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke yon distans pou pi piti sis pye kenbe pami pasyan yo tout tan, akonpanye vizitè yo ak anplwaye yo, sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (egzanp bay swen pandan vizit ak pwosedi dantè); ak
- Pati Responsab yo dwe asire ke pasyan yo ak vizitè ki akonpaye yo mete kouvèti vizaj tout tan lè yo nan etablisman dantè a, eksepte lè y'ap sibi pwosedi dantè yo.
 - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
 - Pou plis enfòmasyon sou egzijans ekipman pwotektif pou pèsonèl yo, Al gade Seksyon II "Moun", souseksyon B "Ekipman Pwotektif".
- Pati Responsab yo dwe modifiye oswa mete restriksyon sou aksè nan nenpòt zòn datant syèj, jan sa nesèsè, pou pèmèt sis pye distans nan tout direksyon (egzanp espas ant chèz yo, enstwi moun yo pou yo chita sou chèz yo yon fason altène).
 - Pati Responsab yo ta dwe retire nenpòt ki objè yo touche ki pa ka netwaye ak dezenfekte regilyèman (egzanp jwèt yo, magazin yo, plim yo).
 - Pati ki responsab yo ta dwe ankouraje vizitè yo pou yo rete deyò oswa nan machin yo jiskaske lè randevou yo te deziyen pou yo a rive.
 - Lè distans yo pa posib nan zòn kote yo chita, Pati Responsab yo kapab adopte baryè fizik (egzanp mi pwoteksyon an plastik nan zòn kote yo pa ta ka afekte fliks lè, chofaj, refwadisman oswa vantilasyon).
 - Si yo itilize yo, yo ta dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak rekòmandasyon OSHA yo, espesyalman nan zòn resepsyon yo pou limite kontak ant pasyan yo ak anplwaye yo.
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, ubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou anpeche kongregasyon nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt yo itilize eskalye yo.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou redui sikilasyon apye nan de sans avèk tep oswa panno ki gen flèch nan reyon, koulwa, oswa espas ki jis yo, epi afiche endikasyon epi make distans sis pye nan tout zòn komen yo ak tout zòn kote yo souvan fòme liy oswa kote moun gen dwa rasanble (egzanp antre asansè yo, eskalye mekanik yo, vestibil yo, anrejistreman pasyan, resepsyon, estasyon tès depistaj sante, elatriye).
- Pati Responsab yo dwe afiche pano nan tout etablisman dantè a, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pèsonalize yo ki espesifik nan espas travay yo oswa anviwònman, depi ke siyal sa yo ki konsistan avèk signalisation Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple DHCP, pasyan yo ak vizitè yo pou yo:
 - Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon kachnen.
 - Byen sere e, lè sa nesèsè, jete PPE yo.

- Respekte prensip distans sosyal fizik la.
- Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
- Swiv konsiy ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.
- Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.

B. Rasanbleman nan espas fèmen

- Nan mezi pou diminye distans ak moun, Pati Responsab yo ta dwe konseye pasyan yo pou limite vizitè k'ap akonpanye yo nan randevou dantè yo, nan limit ki posib.
- Jan sa mansyone pi wo a, Pati Responsab yo ta dwe eseye limite kantite moun ki nan zòn datant yo lè yo konsidere mande pasyan yo ak moun ki akonpaye yo pou rete tann nan machin pèsònèl oswa andeyò etablisman dantè a si sa apwopriye, ak nan eseye minimize randevou sipèpoze pou vizit oswa pwosedi dantè yo.
- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (egz: reyinyon) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd ki ka aplikab yo, tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstwiksyon CDC pase nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè vidyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere opsyon tele-dantisri kote sa apwopriye pou konsiltasyon ki pa ijans yo pou potansyèlman minimize swen nan biwo dapre [direktiv CDC yo](#) ak [rekòmandasyon OSHA yo](#).
- Pati Responsab yo dwe mete anplas metòd pou gen kont distans sosyal nan zòn ki piti yo, tankou twalèt ak sal repo, ak endikasyon ak sistèm ki apwopriye (pareganp make okipe) pou mete restriksyon sou kantite moun yo lè yo pa kapab kenbe distans sosyal nan zòn sa yo.

C. Aktivite Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè pou sou sit la;
 - Ajiste orè espas tavay yo;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa).
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite swen dantè a kèk pasyan jan sa kapab trete yon fason similtane san danje ak distans apwopriye nenpòt lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt yon tan adekwa ant pwosedi dantè yo pou DHCP pou netwaye chanm ak ekipman konplètman ak jan sa apwopriye, ranplase PPE sal yo, epi fè bon jan ijyèn men jan sa dekri anba a.

- Pati Responsab yo ta dwe pratike aktivite travay sa yo an akò avèk "[Direktiv Prevansyon Enfeksyon ak Kontwòl pou Anviwònman Dantè Pandan Entèvansyon COVID-19](#)" (Interim Infection Prevention and Control Guidance for Dental Settings During the COVID-19 Response) CDC a
 - Asire w ke yo kouvri ak stoke tout founiti ki pa itilize yo ak enstriman dantè yo yon fason ki apwopriye (tankou pandri, tiwa, kabinèt yo).
 - Ranje chanm pasyan pou ke se sèlman ekipman ki nesèsè ki esteril yo ki aksesib. Nenpòt founiti oswa ekipman ki ekspozè men ki pa itilize, yo ta dwe konsidere yo kòm kontamine.
 - Eseye limite oswa evite pwosedi ki pwodui ayewosòl chak fwa sa posib (eg. evite pyès dantè a men yo, sereng lè/dlo yo, ekoutè ultrason yo) epi bay priyorite ak enstriman men ak teknik restorasyon ki minimalman envazif/atwomatik. Si pwosedi ki pwodui nan ayewosòl yo nesèsè, pran prekosyon pou minimize ekspozisyon (egzanp, dantisri a kat men, aspirasyon pou evakyasyon elve, baraj dantè, pèsònèl limite pou sipò pwosedi).
 - Kenbe sistèm vantilasyon apwopriye pou bay bon jan mouvman lè nan zòn pwòp pou rive nan zòn ki kontamine yo, al gade [direktiv CDC yo](#) ak [rekòmandasyon OSHA yo](#) pou plis detay sou konfigirasyon HVAC ak filtraj lè apwopriye.

D. Mouvman moun yo

- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (eg. deziyen yon sòti pou moun yo k'ap kite travay yo ak yon antre separe pou moun k'ap kòmanse travay yo) ak mouvman yo (eg. anplwaye yo ta dwe rete tou pre estasyon yo toutotan sa posib).
- Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre yo pou (1) jere sikilasyon vizitè yo nan batiman an epi (2) fasilite depistaj sante yo, jan sa dekri anba a nan seksyon III "Pwosesis", Souseksyon A "Depistaj ak Tès" pandan y'ap rete an konfòmite avèk règleman sekirite kont ensandi yo.
- Devlope yon plan pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye pandan y'ap fè liy anndan oswa andeyò etablisman an pou tès depistaj, jan sa aplikab.

II. ESPAS

A. Ekipman Pwotektif

- Jan sa mansyone pi wo a, Pati Responsab yo dwe asire ke pasyan yo ak vizitè yo mete kouvèti vizaj tout tan, eksepte lè y'ap sibi pwosedi dantè yo. Kouvèti ki akseptab yo enkli o minimòm Kouvèti vizaj an twal oswa mask chirijikal ki byen kouvri nen an ak bouch ou.
 - Pati Responsab yo ta dwe avize pasyan yo ak tout moun ki akonpaye yo pou yo mete Kouvèti vizaj ki apwopriye yo. Si pasyan yo rive nan etablisman dantè yo san Kouvèti vizaj ki apwopriye, konsidere bay kouvèti vizaj si founiti yo adekwa oswa mande pasyan yo pran yon lòt randevou epi retounen ak kouvèti vizaj ki apwopriye.
 - Pati Responsab yo ka refize vizitè yo si vizitè yo pa gen kouvèti vizaj oswa si yo refize mete kouvèti vizaj ke yo ba yo, dapre [Dekrè Egzekitif 202.34](#) la.
- Pati Responsab yo dwe asire ke DHCP mete PPE ki apwopriye lè yo ap pran swen pasyan yo dapre [nòm OSHA](#) ki apwopriye yo, tankou mask chirijikal, pwoteksyon pou zye, gan, ak rad pwoteksyon lè li ap fè nenpòt pwosedi dantè ki pa pwodui ayewosòl. Pou pwosedi ki pwodui ayewosòl yo, founisè yo

ta dwe mete yon respiratè N95 oswa yon lòt ki gen pi bon kalite ki apwopriye pou fè tès, ki sètifye pa NIOSH, pwoteksyon pou zye (egzanp linèt pwoteksyon, plak pwotèj vizaj) gan ak ròb.

- Pati Responsab yo dwe etabli politik pou retire ak ranplase DHCP PPE anvan ak apre yo wè pasyan yo. Pati Responsab yo dwe asire ke DHCP swiv rekòmandasyon CDC yo epi pou yo byen fòme nan mete ak retire PPE.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye ki gen tach ki pa gen rapò ak swen pasyan yo tankou anplwaye biwo yo tou pou mete kouvèti vizaj ki apwopriye tout tan.
- Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj ak PPE akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Yon kantite ekipman pou kouvri vizaj ki adekwa, gan, mask ak lòt PPE yo egzije yo ta dwe sou men pou si yon anplwaye bezwen yon ranplasman, oswa si yon pasyan bezwen.
- Pati Responsab yo dwe asire ke DHCP swiv enstriksyon detaye dapre direktiv CDC yo sou sekans yo sijere pou mete ak retire PPE yo.
 - Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte direktiv CDC yo pou plis enfòmasyon konsènan enstriksyon ak pi bon pratik PPE yo.
 - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou pwosedi dantè ki pwodui ayewosòl espesifik, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay ka pa sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
 - Pati Responsab yo dwe pèmèt DHCP yo itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzije pèsònèl yo bay pwòp kouvèti vizaj yo a. Anplis, konsèy sa a p'ap anpeche pèsònèl mete pwòp kouvèti pwoteksyon pa yo (egz: mask chirijikal, respiratè N95, oswa pwoteksyon vizaj), oswa si Pati Responsab yo egzije anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo ta dwe raple pasyan yo tou pou yo mete kouvèti vizaj ki apwopriye nan espas komen yo anvan yo rantre/sòti nan etablisman an (eg. vestibil, koridò, asansè yo).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas mezi pou limite kontaminasyon nan zòn yo touche souvan yo, tankou enstale aparèy san kontak tankou peman san kontak, distribitè savon/sèvyèt san kontak, ak bwat fatra san kontak.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte egzijans ijyèn ak pwòpte ak dezenfeksyon yo apre chak vizit oswa pwosedi pasyan jan CDC ak DOH mande l la ansanm ak "Direktiv pou Kontwòl Enfeksyon nan Anviwònman Swen Sante Dantè CDC a" (CDC Guidelines for Infection Control in Dental Health Care Settings), "Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak pano "KANPE PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD) jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe asire ke DHCP rete tann omwen 15 minit apre yo fin konplete vizit oswa pwosedi dantè yo pou pèmèt ti gout kontajye potansyèl yo tonbe ase nan lè a anvan yo kòmanse

netwaye ak dezenfeksyon sifas yo nan sal operasyon dantè dapre Direktiv CDC sou Jenerasyon ak Konpòtman Patikil nan Lè.

- Pati Responsab yo dwe asire ke DHCP netwaye sal operasyon an pandan y'ap mete o minimòm gan, mask chirijikal, ak pwoteksyon pou zye tankou linèt pwoteksyon oswa plak pwotèj pou vizaj.
 - Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papye twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte men: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
 - Mete dezenfektan pou men disponib nan tout zòn komen yo sou sit la (egzanp vestibil yo) Yo ta dwe mete li nan yon kote pratik, tankou nan antre yo, sòti yo, zòn datant yo. Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib.
- Pati Responsab yo dwe mete panno toupre pòs dezenfektan pou men yo ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan etablisman dantè a pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj / dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje pèsònèl yo itilize materyèl sa yo avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon nan etablisman ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt omwen apre chak woulman travay, chak jou, oswa pi souvan si sa nesèsè. Tanpri konsilte "Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstwiksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Yo dwe netwaye twalèt yo pi souvan dapre kantite fwa yo sèvi.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Pati ki responsab yo dwe asire ke ekipman ak zouti yo netwaye ak dezenfekte regilyèman nan sèvi avèk dezenfektan klas lopital. Ale li rekòmandasyon OSHA yo, ak lis pwodui Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi idantifye pa EPA kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Pati Responsab yo ta dwe swiv pwosedi netwayaj ak pwosedi dezenfeksyon regilyèman an akò avèk pratik estanda pou dezenfeksyon ak esterilizasyon aparèy dantè yo ki kontamine avèk SARS-CoV-2 jan sa dekri nan Direktiv CDC pou Dezenfeksyon ak Esterilizasyon nan Etablisman Swen Sante, ak Direktiv pou Kontwòl Enfeksyon nan Anviwònman Swen Sante Dantè a.
 - Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè si yon moun konfime pozitif ak COVID-19 la, yon netwayaj konsa ki pou genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (eg. asansè, zòn datant, antre, eskanè badj, men kourant, twalèt, manch pòt yo).

- Enstwiksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Zòn ki afekte yo dwe fèmen epi netwaye ak dezenfekte.
 - Espas komen pataje moun itilize yo dwe fèmen tou, netwaye ak dezenfekte (egzanp asansè, zòn datant, twalèt yo).
 - Pati Responsab yo dwe kominike imedyatman enfòmasyon sou moun yo sispèk oswa konfime ke yo gen COVID-19 nan tout antite ki afekte ki okipe espas nan batiman an epi enfòmasyon yo sou espas ki fèmen epi enfòmasyon yo yon fwa yo re-ouvri.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye ak dezenfekte tout espas moun ou sispèk ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Anplwaye ak vizitè ki pa t gen kontak ni sere ni rapwoche avèk moun yo sispèk oswa konfime li gen COVID-19 la kapab retounen nan zòn travay la kou li fin netwaye ak dezenfekte.
 - Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche."
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje, ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas pou anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.

C. Faz Reouvèti

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite reouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb randevou pasyan disponib lè yo fèk re-ouvri pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon ki enkli enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen konsistan pou bay moun yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe enstitiye yon plan fòmasyon pou tout DHCP pou edike anplwaye yo sou nouvo pratik ak responsablite yo anvan yo re-ouvri oswa agrandi operasyon yo.

- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje moun yo pou respekte konsèy CDC ak DOH la nsn sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti vizaj lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon anndan ak deyò sit la pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

III. PWOSESIS YO

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe aplike pratik obligatwa pou tès depistaj sante DHCP, pasyan yo, ak vizitè yo.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye oswa pasyan yo prezante nan sit la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depista ta dwe kowòdone pou anpeche moun yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
 - O minimòm, yo dwe egzije depistaj pou tout DHCP, pasyan yo ak vizitè yo ak konplete yon kesyonè ki detèmine si moun yo te:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentom COVID-19 la.
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) eksperimante sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Al li konsèy CDC a sou "Sentom Kowonavis" pou enfòmasyon ki pi resan sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzije DHCP yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis de kesyonè despistaj la, verifikasyon tanperati ka fèt chak jou tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa Etazini (U.S Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz: done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj yo, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a yon moun ki enfekte. Responsab k'ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwaye a idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Yo ta dwe bay depistaj epi sèvi ak PPE, ki gen ladan o minimòm, yon mask pou vizaj.
- Tretman dantè pou yon moun ki depiste pozitif pou sentòm COVID-19 ta dwe difere si sa posib epi si pasyan pa bezwen swen dantè ijan.

Si swen dantè ijans nesèsè, konfòme avèk CDC a Pwovizwa ak Rekòmandasyon Pwovizwa nan kad Prevansyon ak Kontwòl Enfeksyon CDC a oswa al gade nan yon etablisman ki gen kontwòl teknik apwopriye ki an plas pou pran swen pasyan an.

- Yon DHCP ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo ta dwe pa gen aksè pou antre nan espas travay la e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe mete depatman sante eta ak lokal la okouran ka a touswit si gen rezilta tès COVID-19 ki pozitif. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta ak lokal sou nenpòt ka pozitif Pati Responsab yo ta dwe bay moun a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou DHCP k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre DHCP a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe revize tout repons ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou e kenbe yon anrejistreman revizyon sa yo. Pati Responsab yo tou dwe idantifye yon kontak antanke pati pou moun yo pou ka enfòm si pita yo vin gen sentom ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a.
- Pati Responsab yo dwe deziye yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè plan sekirite espas la.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab ta dwe kenbe yon jounal chak jou sou tout DHCP yo ak vizitè yo ki te ka gen kontak sere ak lòt moun nan etablisman an; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, yon fason pou yo kapab idantifye tout kontak yo, retrase epi mete okouran tout kontak yo, nan ka yon anplwaye ta dyagnostike avèk COVID-19. Pati Responsab yo pral annkouraje men pa egzijje pou pasyan ak vizitè bay enfòmasyon kòm yon pati nan jounal sa a. Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch depatman sante eta ak lokal yo.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke moun yo dwe enfòm si pita yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
 - Pwen kontak yo idantifye a pou etablisman la dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan lye travay yo a mete yo okouran yon rezilta tès COVID-19 pozitif pa yon DHCP nan etablisman pa yo. Pati Responsab yo dwe prepare pou resevwa rapò sou ka pozitif nan men DHCP, pasyan yo, oswa vizitè yo, ak notifiye konsa a.
- Nan ka yon DHCP, pasyan, oswa yon vizitè teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante lokal jan yo egzijje pou trase tout kontak nan espas travay la, epi depatman sante lokal kote etablisman lokalize e li dwe notifiye tout moun ki te antre nan sit la nan dat 48 èdtan avan moun yo te kòmanse santi sentom COVID-19 la oswa teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo egzijje li.

- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou deplasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye yo avèti yo te an kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19, epi yo avèti yo nan retrase yo, suiv yo oswa lòt mwayen, oblije rapòte tèt yo bay patwon yo kou yo fin avèti yo epi yo dwe suiv pwotokòl ki pi wo a.

IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè nan lokal espas travay la. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19, epi plan sa yo adaptab pou etablisman dantisri yo itilize.

Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Rekòmandasyon pou Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay pou Travayè Dantè ak Anplwaye yo
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/dentistry.html>

Asosyasyon Dantè Ameriken (American Dental Association): Retounen nan Travay – Bwat Zouti Direktiv Pwovizwa
https://success.ada.org/~media/CPS/Files/Open%20Files/ADA_Retounen_nan_Travay_Bwat_Zouti.pdf

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>